

ЖАМГІИЯТ

**Аслияб мурад – сахлъи цІуни**

Стр. 2

СПОРТ

**ЛъабцІул чемпион**



Стр. 4


# ЛЪАРАТІА

ЛъаратIа районалъул газета

№ 3 * февраль 2016 с. Газета биччала моцІида жаниб кІиго нухалъ. Багьа 10 гъ.


*Нагагьаб балагь*

# НАХЪОЙГИ ЦІАЯЛ

## *СикІар гьоркьохъеб школа бухІана*



Бухlараб школа бихьизе щвана районалъул ва республикаялъул хlакимзаби

**Нилъер районалда гьаб ахирисеб кІиго-лъабго соналда жанир гІемерлъун руго цІаял ккеялъул хІужаби. ГІицІго гьоркьисеб соналъ бухІана ЛъаратІа росулъ цо кафе, магазин ва почта, гІадамазул рукъзабахъ кгарал гІисинал, гьитІинал лъугьа-бахъинал рикІкІичІого. Гьале гьанже ирга щун буго школаздеги.**

Февралалъул 17 абилеб къоялъ бакъанида СикІар гьоркьохъеб школалда рекІана цІа, бичІчІулеб гьечІо сундасан сверун ва щиб гІиллаялъ цІа рекІун бугебали. Киналго цІалдохъаби рокъоре тІадруссарабго рекІун буго цІа.

СикІар школа буго 10-12 км рикІкІад районалдаса ва школалда аскІоса гІебеде гьечІо кинабгІаги лъар, гІор яги лъел мухъ. Гьединлъидал школа бухІана кинабго цадахъ, гІицІго къеял хутІизегІан. КъватІибе бахъизе кІвечІо щибниги, цо чамалиго стул, цо кІиго цІалдохъанасул парта хутІун. ЦІа рекІун букІинги кватІун гурони бихьичІо гІадамазда.

Хадусеб къоялъ радалго цІа ккараб бакІалде гІедегІана кинабго районалъул нухмалъи, хІакимзаби, хъулухъчагІи. СикІар школалда цІалулел рукІана ункъго росулъа цІалдохъаби. Росдал жамагІаталъ абулеб буго, жидеца кин бугониги кІвараб жигарги бахъун киналго шартІал чІезаризе ругила цІалдохъаби дора-гьанире хьвадичІого, росулъго цІализе. Гьенибго районалъул бетІер Ражаб Ражабовас тІадкъана районалъул лъайкьеялъул нухмалъулев Сулейман Меджидовасда, лъазабизе кинабго бугеб ахІвал-хІал росулъ ва бугищ росулъ школалда цІалулел рукІарал лъимал киналго жанир рачунеб кІудияб рукъ.

Гьеб гуребги, добго къоялъ радал ЛъаратІа росулъ байбихьул классазул цІалдохъабазул школалдаги рекІана цІа. Гьенибги сундаса цІа багъарараб бичІчІулеб гьечІо. БухІана цІа бакулеб рукъ (котельная) ва цо классги. Школа росу бакьулъ букІиналъги батила, СикІар школалда данде ккун гьаниб кумек батана ва гІолохъабазул кумекалдалъун цІа свинабизе кІвана.

Хадусеб къоялъ радалго ЛъаратІе щвана республикаялъул лъайкьеялъул министр ШагьгІабас Шагьов. Рузманги бан хадуб ЛъаратІа районалъул нухмалъигун цадахъ министр къокъана нахъойги СикІар школа бухІараб бакІалде щвезе. Министрас ва районалъул нухмалъиялъ бакІарана жамагІат ва тІобитІана данделъи. Гьениб данделъиялда хІукму гьабуна цо хасав чиясул кІудияб рукъ заманаялъ лъимал цІализе бихьизабизе. ШагьгІабас Шагьовас тІаде босана киналго цІалдохъабазе хІажатал шартІал чІезаризе.

Районалъул бетІер Ражаб Ражабовасул рагІабазда рекъон, къокъаб заманалда рагІалде бахъизабизе ккола цІияб школа баялъул суал, щайгурелъул гьенир цІалулел рукІана ункъо росдал цІалдохъаби.

Гьел цІаял ккеялда сверухъ гІадамазул гІемерал пикраби ва харбал рижулел руго. Цоцояз абула хъаравулзабазул гІайибалдалъун, цогияз токалдаса сверун, лъабабилез гІадамаз жидецаго цІаял тІамун ругин ва гь. ц. ЛъаратІа ва НикІар школазда цІа ккеялъе гІилла чІезабизе буго МахІачкъалаялдаса рачІарал хасал экспертаз.

Аллагьас цІунайги нагагьал балагьаздасан!

**Расул АБАКАРОВ**

гара-чIвари

# Ругищ лъебелазул мугIрузда ядерниял нахърателал?

**Дагъистаналъул мугIрузул районазда гьал ахирисел соназда тIадеялдаса тIаде цIикIунеб буго онкологиялъ (рак унти) унтарал чагIазул къадар. Гьеб унти цIикIиналда сверухъ гIалимзабазул, врачазул, гIадатиял гIадамазул батIи-батIиял пикраби руго. Гьелъул суал гIемераб борхана чIахIиял данделъабазда, тохтурзабазул семинаразда ва хIатта республикаялъул Халкъияб собраниялдаги.**




**Ядерниял нахърателал Сугъру гIор бахьбихьулеб бакIалда рахчун ругилан рикIкIунеб буго гIадамаз**

Щаялиго гIемерисе рикIкIунеб буго, гьеб унти цIикIкIиналъе аслияб гIилла бугин хашаб экология. МугIрузул районазда онкология цIикIиналъе гIиллалъун гIемерисез рикIкIунеб буго Дагъистаналъул мугIрузда Советияб пачалихъалъ 1970-80 абилел соназда заралиял ядерниял хутIел рахчун рукIин.

Гьединаб пикру буго цо хасал чагIазул ва гьеб пикру кутакалда машгъурлъун буго хасго ЛъаратIа районалъул гIадамазда гьоркьоб. Гьел рехсарал соназда геологаз хIалтIи гьабулеб букIана ЛъаратIа, Ахты, Сергохъала, Рутул, ЦIунтIа районазда ва гьединго БежтIа мухъалдаги. Гьел киналго суалал кьезе ва балъголъаби тIатинаризе нижеца гара-чIвари гьабуна доб заманаялда ЛъаратIа районалъул мугIрузда хIалтIулев вукIарав геологазул цояв, ГIумариев ГIабдула абурав тумасулгун.

ГIабдула вукIана 1980-абилел соназул ахиралда ЛъаратIа районалъулгун Азербайджаналъул гIорхъода магIарда хIалтIулеб геологазул бригадаялда гъорлъ. Гьез цо хасаб бакIалда чамалиго батIияб хIалбихьи гьабуна борлъизе, амма щибаб нухалъ цин цIакъго бицатго ракьул хъал батун, цин борлъулел алатал рекун, хIалтIи гъоркьоб къотIулеб букIана.

Гьесул рагIабазда рекъон, геологазгьарулел хIалтIаби, хIукуматалъул тIалабазда рекъон, гIадамаздасан балъго цIунулаан доб мехалъ. Аслияб хIалтIи гьабулеб букIана ТIомуразул гIоргут жубалеб Сугъру гIор байбихьулеб букIалда, Кавказалъул кIудияб балалъул севералдехун. Ай, Лъимсверудаса нилъер рахъалдехун.

«МагIарда вугев вехьасда бихьулеб буго вертолетги боржун цо щибалиго жо добе рехулеб букIин, гьенисан бижараб буго дора балъгоял жал рахчун руго абураб пикруги. ХIакъикъаталда вертолеталъ рехулеб букIана гьенибе хIалтIухъабазе хIажатаб квен-тIех, ретIел-хьит, хIалтIул алатал ва гь. ц. Гьединлъидал мугIрузул районазда ругел гIадамазул гьел харбазда сверухъ бижун буго мекъаб пикру.

Цо-цояз абула гьениб магIарда бакIбакIазда меседил кьералъул лъим чвахулеб бугин, гьениб месед батизе рес бугин. Амма гьениб кинабгIаги месед гьечIо, гьеб буго гъварилъуде борлъараб бакIалда цо химиялъулаб реакцияги ккун гIадатияб кьаву къватIибе чвахун щвей. Гьеб кьаву чIвараб лъецаги инсанасе кинабгIаги зарал кьоларо. Гьекъезецин бегьула гьеб лъим», - абун бицунеб буго геологас.

Гьединго геологас ракIчIун абулеб буго Дагъистаналда ва тIолабго Кавказалда балъго ядерниял нахърателал рахчизе кинабгIаги рес гьечIила. Гьелъие хасал условиял къваригIунин. Ракьулъ жанир балъгоял жал рахчизе нилъер улкаялда Ураналда гурони данде кколарила. Щайгурелъул, гьелъие хIажалъула щулияб, цо хIалалъ, хиса-басиял гьечIого миллионал соназ чIараб ракьул хъал (земная кора). Россиялъул югалда ракьул хъал хисардула, рельеф абураб жо хисула цIакъго дагьаб заманаялда жаниб. Гьелдалъун кинабгIаги рес гьечIо гьанир балъгоял жал рахчизе ракьуда гъорлъ. Гьелдаса сверун онкологиялъул унтаби цIикIун руго абураб жо буго цIакъго мекъаб, лъавукъаб, бичIчIи гьечIеб пикру.

Геологасул хабаралда рекъон, доб мехалъ геологаз балагьулел рукIана мугIрузда батIи-батIиял магIданал: цинкалъул, маххул, тIухьидул ва гь. ц.

80-лел соназул ахиралда пачалихъги биххун, хIукуматги мискинлъун геологиялъе пачалихъалъ биччалеб гIарац къотIана ва хIалтIи гьоркьоб къотIана. МагIдан батизе рес букIана гьениб, амма хIалтIи рагIалде бахъизе течIо.

**Расул АБАКАРОВ**

Адабият

# ВАТIАНИЯБ ТIАЛАБ ТIОБИТIУЛАГО, ТIЕРХЬАРАЛ ЦIВАБЗАЗУЛ ЦIАР КЪОТIИЛАРО...






**Цебехун нилъеца абухъе аваразул классикияб адабияталъе кьучI лъуна Инхоса ГIалихIажияс. Дица кинаб бугониги кьучI лъезе кколин лъечIо гьес гьеб кьучI. Гьесухъе илгьам гIадин, Аллагьасул рахIмат гIадин бачIана шигIру. Гьелъулъ хIажалъи букIун доб заманаялда аваразул.**

Жеги ругънадаса Кавказалъул рагъул бидуца белъараб чIорто бахъичIеб мех букIана. Шамил асирлъиги гIурус бергьинги миллаталъул къадруялда хIур ккей гIадин къабул гьабуна. Жаниса гьалдолеб, ракI чучиялъе ва къисасалъе нух балагьулеб къуват букIана авар халкъалда жаниб. Гьелъие сабаблъун, унтараб ругънаде дарулъун рукIана шагIирасул рагIаби:

*ВатIанияб тIалаб тIобитIулаго,*
*ТIерхьарал цIвабзазул цIар къотIиларо...*

Заман хисун лъаларо, халкъалъул гIумруялде бугеб бербалагьи хисун лъаларо, миллаталъ хвелгьечIолъиялде витIаниги, къабул гьавуниги ГIалихIажил хатI, къагIида, кечI такрар гьабулел чагIи гIемерлъичIо гьесдаса хадур. XIX гIасруялъул ахиралдехун магIарулазул гIумруялъулъе рачIана рокьул кучIдул. Халкъалъухъеги гьел щолаан тIармида ахIун. Хъвавулаб культура жеги камиллъун букIинчIо. КечI хъвалев чияс тIармида ахIун кьолаан халкъалъухъе. Гьеле гьеб мехалда тIармида ахIулел кочIохъабахъе цоцаца кьун щвана БакьагьичIиса Тажудин (ЧIанкIа) абурав чисул шигIрукечI. Гьев машгъурлъана тIалъиялда. Гьесул къагIида букIана цебехун магIарулазда лъалебщинаб шигIрукечIалдаса батIияб. РагIи цоцалъ рекъараб, берцинал сипатал гъорлъ бугеб. Сундулъха букIараб ЧIанкIал хаслъи?

ТIоцебесеб иргаялда гьес аваразул шигIру-кечI бечед гьабуна гьарзаго сипатал гьариялдалъун. ЧIанкIа вукIана цIаларав чи. Гьесда лъалеб букIана бакъбаккул адабият - фарс ва гIараб шигIру-кечI. Гьезул адабияталда цIакъ машгъураб къагIида буго гьеб. Хасго жагьилаб гIасруялъулин тарал, Ислам баккилелде цересел шагIирзабазул гьарзаго букIана гьединаб кечI хъвалеб къагIида. Гьезул асар ЧIанкIадеги МахIмудидеги щун букIиналъе далиллъун руго МахIмудил кочIолъ дандчIвалел «Имраул Къайисил къисабалъ гIадал...» абурал мухъалги. Имраул Къайис вуго гIарабазда гьоркьов рокьул кучIдузул ва шигIрияб адабияталъе кьучI лъураздаса цояв. Гьеб сипатал гьарулеб кочIол къагIида лъугьун бачIана авар шигIру - кечIалъе. ХIикматго рекъонги ккана:

*Забру варакъулаб,*
*ХIежалъул Къуръан,*
*ХIал гьабулеб буго*
*гьанже гьаваялъ.*
*ХIанил жисму бугеб,*
*зобалъул тIайпус,*
*Зулму буго дие*
*гьаб рокьиялъул...*

Дун лъугьинаро нужее БакьагьичIиса ЧIанкIал нужер киназдаго лъалеб гIумруялъул бицине. Гьев цIаларав гIалим вукIинги, кечI хъвай гьес пишалъун гьабичIолъиги, хъваралги гIемерисел балъго, гьазул дозул гьариялдалъун хъварал рукIин нилъер лъиениги балъголъи гуро. Дие гьал гьитIинал макъалабалъ бихьизабизе бокьун буго аваразул классикияб адабияталъул тарих. Гьеб хисулеб букIараб куц. Щал чагIи лъугьарал классикаллъунали. Гьебги дидаго адабият бичIчIараб хIалалъ. Дир субъективияб пикру буго гьаб. ЦIороберал лъурал гIалимазабца чанги жо абизе бегьила ва гьезул гьелъие ихтияр буго. ХIасил калам ЧIанкIаца жиндаго лъачIого, цебе гьединаб масъалаги лъечIого хIурият гьабуна аварзул шигIруялда. Гьес кечI хъвалеб къагIида къабул гьабуна лъикIал шагIирзабаца ва кочIохъабаца. Хъвалеб букIана пасихIго ва батIи-батIиял къагIидабаздацин. Анкьго гьижаялъ:

*Лъаралъ кьалбал ругеб гьветI,*
*Кар биччан зодой уна.*
*Зигардизе къасд буго*
*Къадар дургун хъвазегIан...*

Хъвана машгъураб нилъее гIагараб 11 гьижаялъул къагIидаялъ. РукIана 8 гьижаялъ хъварал хIалбихьиялги. Гьел гIемер машгъурлъичIо.

ХIасил калам, авар адабияталда цIияб чваххиялъул, нухалъул, хатIалъул, кечI хъвалеб къагIидаялъул щулияб кьучIги лъун, наслабазда нухги бихьизабун ХIежалде аралъув нухда къадаралде щвана хIикматаб гьуналъул шагIир БакьагьичIиса ЧIанкIа (Тажудин). Цебехун абухъе гьев вукIана динияв чи, амма шигIрабазул къисмат гьадинаб ккана, бахчун хIебтIулеб гьунар букIинчIолъиялъ. «Хъван кагьтал кодор кьун рокьиги малълъун» цIалдолелги тун ана абадияб рокъове шагIир. Аллагьас витIун ккезавун ватайги ва Алжаналде тIовитIайги. Гьев вуго аваразул адабияталда кIиабилев классик.

Хабар лъикIаб рагIайги!!!

**МухIамад БИСАВГIАЛИЕВ**

*ЖамгIият*

# Аслияб мурад – сахлъи цIуни

**Совет хIукумат гIуцIаралдаса жакъа къоялде щвезегIан районалъ нилъехъе тана захIматаб, амма бахIарчияб нух. Байбихьуда мискинаб, гIодорегIанал гIумруялъул шартIал рукIараб, шагьра-нухал, телефоналъул бухьен гьечIеб, техника щибжояли лъалареб нилъер ракь, жакъа лъугьун буго гIелму-лъай цебе тIураб, цIализе ва хIалтIизе киналго шартIал ругеб, квен ва ретIел гьарзаяб, цебетIураб ВатIанлъун. Амма гьеб даражаялде нилъер ракь ва район бигьаго бачIинчIо!**



Райбольницаялъул бетIерав врач Асадула Юсупов хIалтIухъабигун

ЗахIматал, граждан рагъул сонал... ГIадатияб гIумру-яшавги биххун колхозал гIуцIулеб заман, заманго инелде байбихьараб ВатIанияб рагъ. ВатIан цIунизе ахIун ана гIемерал районалъул гIолохъаби. Гьездаго гьоркьор ратана жидецаго гIарзаги кьун аралги. Рагьда чIварал, хварал гурелги районалъе камуна захIматалъул сурсатал. Халкъ язихълъана, мискинлъана, чIаразда ва руссичIезда хадур гIодулел гIемерлъана. Гьеб хIалалда гIуцIарал кванил нигIматал ритIизе ккана фронталде, багъулеб армиялъе. Амма, къуркьичIо районалъул захIматчагIи! Гьелъул гIаксалда, рагъулал ва хадусел соназ хехго цебетIезе байбихьана гIи-боцIухъанлъи, хурухъанлъи, хъутабазда гIуцIана лъикIал магIишатал. Жакъаги кризисал абулел жалаз кIвекIаниги, районалда киналго шартIал руго тIадегIанаб даражаялда гIумру-яшав гIуцIизе.

Гьал киналго цере рехсарал хIужабазда цадахъ, дагь-дагь ккун байбихьана районалда сахлъи цIуниялъул суалазда тIад хIалтIизеги. БачIинахъего абизе ккола, бигьаго букIинчIо рагьда цересел ва хадусел соназда гьеб кIвар цIикIараб масъала тIубазабизе. Жив-жив чияс жиндие бокьахъе чIезаризе лъугьуна лъалелги, лъаларелги хIужаби. Амма, сахлъи цIуниялъул суалал тIуразаризе байбихьана 30абилел соназул ахиралда, ай 1937-1938 соназда. Гьелде щвезегIан ва хадургицин районалда хIалтIизарулаан сахгьариялъул местIезабазул къагIидаби. Унтаралги гьезухъе унаан. 30абилел соназул ахиралда рикIкIадал Россиялъул шагьараздаса рачIине байбихьана медицинаяъул гьоркьохъеб лъай бугел, аслияб къагIидаялда ясал. ТIоцере гьел рещтIана жакъа райбольница бугеб «Камчаткаялда», гьеб цIарги буго доз лъураб. ТIоцебе гьаниб рагьана 5-10 чиясе бакI бугеб гьитIинабго больница. Амма, абизе ккола жакъасел медицинаялъул ругел ресал, гIагарде хъвангицин рукIинчIилан. Бажараб кумекги гьабулаго гьез нилъер гIадамал кантIизарулаан унтабаздаса цIунизе.

Рагъулал соназдаги районалъе медицинаялъул кумек гьоркьоса къотIичIо, гьелъул гIаксалда районалъул росабалъ медицинаялъул пунктал рагьизе байбихьана ва гьеб тадбиралъ квербакъана гIемерал унтаразе кумек гьабизе. Рагъдаса хадусел соназ гьеб кумек щулалъана ва гIатIилъана. Байбихьана районалде тIадегIанаб лъаялъул тохтурал рачIине. Киназулго цIарал рехсонги хIал гIеларо, амма гьел рукIана ракI бацIцIадал, хIалтIи лъалел махшелчагIи. 1950абилел соназул ахиралде щвезегIан районалде рачIарал тохтурал рукIана районтун къватIисел. Нилъер районалдаса тIоцевесев тохтур вукIана мунагьал чураяв Шамиль МухIамадов, Кутлаб росулъа. ГIемерал соназ гьев хIалтIана районалъул бетIерав тохтурлъунги, гьаруна гIемерал опперациялги. Хадур дагь-дагь ккун байбихьана районалдаса тохтурал хIадуризе ва къватIичIого гIун рачIана районалда бажари бугел, унго-унгояб медицинаялъул лъай щварал тохтурал. ТIадегIанаб гIаданлъиялъул даражаялде рахъарал унтаразда, киданиги кIочонарел лъалкIал тана тохтурал Ибрагьимхалил ГIумаровас, ХIайдар ШагIбановас, ХIайбула ГIумаровас, Ибрагьим Насрудиновас ва цогидазги. Районалъул сахлъи цIуниялъул даража тIадегIанго борхизабуна сахлъи цIуниялъул кIудияв гIуцIарухъан Абумуслим Чумчаловас, гьединго АхIмад ГьитIиновас ва ГIумарасхIаб Ражабовас. Гьез гIуцIараб хIалтIи мугIрузул районазда лъидасаги нахъе ккараб букIинчIо. Жакъаги районалъул медицинаялъул хIалтIи тIадегIанаб даражаялда гIуцIун буго абуни мекъи ккеларо. Лъалеб хIалалъ лъикIаб рахъалдехун буссун буго медицинаялъул гьумер. Нацпроект «Здоровье» программаялда рекъон гIуцIун буго жаниб хIалтIи. Сахгьарун къватIире риччаразул къадар къойидаса къойиде цIикIунеб буго. Гьарулел руго захIматал операцияби, цIикIунеб буго сияхIалде росарал унтаразул къадар, киналго лъимал гьарулел руго роддомалда, лъимада ругел руччабазда хадуб буго хасаб бербалагьи. ХIасил кьолеб хIалалда гIуцIун буго рахунел унтабазул профилактикияб хIалтIи, планалда рекъон ва жеги хIалуцун хIалтIулеб буго флюрограф. Унти чIезабизе УЗИ-аппаратаъ гьабулеб буго кумек. Росабалъ ругел участкабазул больницабазда, тохтуразул амбулаториялда, медпунктазда гIуцIун буго тIалабазда рекъараб хIалтIи. Больницаялъул нухмалъулез хIаракат бахъулеб буго медиказул лъай борхизабиялда тIад, профилактикаялъулаб хIалтIиялда тIад.

Районалъул сахлъи цIуниялъул даража борхизабиялда тIад кIвахIтун хIалтIулев вуго больницаялъул жеги гIолохъанав бетIерав тохтур Асадула Юсупов. КIиго соналъ цебе гьаб больница бихьарал ва жакъа цIидасан гьанире щваразда бихьулеб буго гьанир гьарун ругел чIахIиял хиса-басиял. ЦIидасан къачIан ремонтал гьарун, квегIенлъи гьабун буго терапиялъул ва лъималазул отделениязе, поликлиникаялъул киналго бутIабазе. ЦIияб гьаб заманаялъул киналго шартIал жаниб гIуцIараб кIитIалаяб минаялъубе гочун бого хирургиялъул, гинекологиялъул ва лъимал гьарулеб отделениял, киналго хIажатал щинал шартIалги жаниб бугел. Гьединго хIалтIулеб буго хехаб кумекалъул отделение.

БетIерав тохтурасул пикруялда рекъон, къватIичIого хIалтIизе буго хехаб кумекалъул кIиабилеб бригада. Гьелъ рес кьолеб буго районалъул рикIкIадал росдал гIадамазе медицинаялъулаб кумек гIагарлъизабизе. БукIине бегьула гьеб бригада районалъул тIасияб мухъалда хIалтIулеб. ПалхIасил, жакъа районалъул больница ккола гIадамал сахгьаризе 10-ялдасаги цIикIун профилалъул рес бугеб, киналго шартIалги ругеб, жакъасел тIалабазда рекъон хIалтIулеб коллектив. Гьеб хIалтIуе гIуцIун руго киналго шартIал.

**Дибир КIУЛИЗАНОВ,**
**ТIохьотIа росу**

*Надзор*

# ПРОКУРАТУРА ВЫЯВИЛА НАРУШЕНИЯ ЗАКОНА

## Нарушение КоАП от полиции

Прокуратурой района проведена проверка исполнения требований административного законодательства.

Установлено, что сотрудниками отдела МВД России по Тляратинскому району допускаются нарушения требований Кодекса Российской Федерации об административных правонарушениях.

В частности, участковым уполномоченным отдела капитаном полиции Гаджиясуловым Х.М. 14.01.2016 в отношении индивидуального предпринимателя Нурудинова Н.Б. составлен протокол об административном правонарушении по факту несоответствия реализуемого им моторного топлива ГОСТу.

Однако в соответствии со ст. 28.3 КРФоАП должностные лица органов внутренних дел (полиции) вправе составлять протокола об административных правонарушениях, предусмотренных ч. 1 ст. 14.4 (в части соблюдения требований законодательства об оружии).

При этом в силу п. 63 настоящей статьи протокол об административном правонарушении, предусмотренный ст. 14.4 КРФоАП вправе составлять должностные лица органов, осуществляющих функции по контролю и надзору в сфере прав потребителей и потребительского рынка.

В связи, с чем на указанный протокол прокуратурой района принесен протест. В целях устранения нарушений законодательства и наказания виновных лиц прокуратурой района в адрес начальника ОМВД России по Тляратинскому району внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства.

## Задержка зарплаты

Прокуратурой района проведена проверка исполнения трудового законодательства на территории района.

В ходе проверки установлено, что директором муниципального казенного образовательного учреждения «Начадинская средняя образовательная школа» допускаются нарушения требований трудового законодательства.

В частности, в нарушение требований статей 56,57 ТК РФ – при заключении трудового договора не указывается конкретные сроки – дни выплаты заработной платы, в нарушение требований ст. 213 ТК РФ - работники не прошли обязательные медицинские осмотры (обследования), обязательные психиатрические освидетельствования, в нарушение требований ст. 136 п.6 ТК РФ - заработанная плата выплачивается в месяц один раз, иногда один раз в 2 месяца.

По результатам проверки прокуратурой района в отношении директора данного учреждения возбуждено производство об административном правонарушении по основаниям, предусмотренным ч.1 ст. 5.27 КоАП РФ (нарушение законодательства о труде и об охране труда).

Похожие нарушения были обнаружены в ГБУ РД «Тляратинское районное ветеринарное управление». В ходе проверки прокуратуры установлено, что руководителем ГБУ РД «Тляратинское районное ветеринарное управление» допускаются нарушения требований трудового законодательства.

В частности, в нарушение требований ст. 136 п.6 ТК РФ - заработанная плата выплачивается в месяц один раз, иногда один раз в 2 месяца. В результате образовалась задолженность по оплате труда за декабрь 2015 и январь 2016 года перед 62 работниками в сумме 1116000 (один миллион сто шестнадцать тысяч) рублей.

По результатам проверки прокуратурой района в отношении руководителя данного учреждения возбуждено производство об административном правонарушении по основаниям, предусмотренным ст. «нарушение законодательства о труде и об охране труда».

В то же время указанная задолженность руководителем учреждения в отчете формы №3-Ф о просроченной задолженности по заработной плате не отражена.

В связи с этим, прокуратурой района в отношении руководителя учреждения возбуждено производство об административном правонарушении, предусмотренное ст.13.19. КоАП РФ (нарушение порядка представления статистической информации).

В целях устранения указанных нарушений законодательства в адрес руководителя учреждения внесено представление об устранении нарушений федерального законодательства.

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**

# Прокуратура сообщает:

Прокуратурой района проведена проверка исполнения требований законодательства при исчислении и взимании платы за негативное воздействие на окружающую среду.

В ходе проверки установлено, что государственное казенное учреждение центр занятости населения в МО «Тляратинский район» имеет задолженность по оплате за негативное воздействие на окружающую среду в размере 7200 рублей.

В связи, с чем в отношении руководителя учреждения возбуждено производство об административном правонарушении, предусмотренное ст. 8.41 КРФоАП (невнесение в установленные сроки платы за негативное воздействие на окружающую среду).

Также ГБУ РД «Тляратинская межрайонная туберкулезная больница», ГКУ РД «Тляратинское лесничество» своевременно не предоставляют в уполномоченные органы отчетность о негативном воздействии на окружающую среду.

В этой связи в отношении руководителей указанных учреждений возбуждены 2 производства об административном правонарушении, предусмотренное ст. 8.5 КРФоАП (сокрытие экологической информации).

**Прокурор района**
**старший советник юстиции**
**С.Г. АХМЕДОВ**

*спорт*



## ЛъабцІул чемпион

**Исана январь моцІалда МахІачхъалаялда тІобитІана гІолилазда гьоркьосеб боксалъул рахъалъ Дагъистаналъул чемпионат.**

Гьеб чемпионаталда гІахьаллъана ЛъаратІа ДЮСШялъул боксер, Кутлаб росулъа ГІумарасхІаб ХІусейнов. Гьев цеве вахъана 50 кг цІайиялда ва киназдаго тІад ракІчІараб бергьенлъиги босун лъабабилеб нухалъ вахъана Дагъистаналъул чемпионлъун. Гьесул тренераз лъикІаб тІадчІей гьабуна ГІумарасхІаб къецазде хІадурлъизе. РакІ-ракІалъ баркула районцоязда нилъер ракьцоясул бергьенлъи. Гьарула гьесие жеги чІахІиял бергьенлъаби.

**ЧАКЪАЛОВ**

*Биччанте ракьалда рекъел букІине*

## Теннисалъул турнир ва терроралда данде рагъ

**Февралалъул къоло цоабилеб къоялъ тІобитІана теннисалъул рахъалъ районалъул чемпионат. Гьенир гІахьаллъана районалъул гІемерисел росабалъа гІолохъаби, ай кинавниги 26 чи.**

Турнир гІуцІун букІана тІаде бачІунеб 23 февралалъул праздник ва терроралда данде къеркьей абураб ахІиялда гъорлъ. Гьеб тадбир гьабуна районалъул администрациялъ ва спорталъул комитеталъ. ГІезегІан берцинго, гІодоричан, дагІбадичІого, гьайбатаб къагІидаялъ тІобитІана турнир. Гьениб гІахьаллъи гьабуна районалъул бетІер **Ражаб Ражабовас**, районалъул бетІерасул тІоцевесев заместитель **Рамазан ГІабдулхаликъовас**, спорталъул комитеталъул цІияв нухмалъулев Давуд Рамазановас ва.гь.ц

Гьез цере рахъун берцинго ва мухІканго кІалъан бичІизабуна жакъа къоялъ дунялалда бугеб хІабургъараб заман террор сабаблъун ва гьелдаса нилъеца нилъго цІунизе ккани спорталъул ва цоги батІи-батІиял гьудуллъиялъул данделъабазул бугеб кІварги.

КІалъазе рахъараз киназго цокІалалъгІадин абулеб букІана районалда бугеб берцинаб рукІа рахъинги, динги, хьвада-чІвадиги нилъеца цІунизе ккелин, гьелда бараб буго кинабго нилъер районалъул цебетІейги. Гьединго бицана террораль данде къеркьеялъул рахъалъ районалда жеги тІоритІизе ругин кІудиял данделъаби ва спорталъул турнирал.

Теннисалъул хІасилал ккана гьадинал:

**ТІоцебесеб бакІ** ккуна **Джамал Занкиевас**, **кІиабилеб бакІ ТІалхІат ТІалхІатовасе** ва **лъабабилеб бакІ** ккуна **ГІалигъалбацІ ХІайбулаевас**.

Бергьаразе къуна медалал, гІарцулал призал ва граммотаби. Зрителазул симпатия абураб призалъе мустахІикълъана **Имам Караванов**. Гьадинал къецал батІи-батІиял спортазулъ нилъее гІемерлъаги.

**ЧАКЪАЛОВ**



Министерство труда и социального развития Республики Дагестан

# ИНФОРМАЦИЯ

## О проведении недели военно-профориентационных мероприятий

«Есть такая профессия- Родине служить!» среди учащихся выпускных классов Тляратинской общеобразовательной средней школы

В соответствии с приказом Министерства труда и социального развития РД о проведении недели военно-профориентационных мероприятий «Есть такая профессия- Родине служить!» среди учащихся выпускных классов общеобразовательных школ от 29 января 2016 года № 12-35 в Тляратинской общеобразовательной средней школе с 15 по 20 февраля 2016 года прошла неделя военно-профориентационных мероприятий «Есть такая профессия- Родине служить!», основными целями являлись: обеспечение эффективной занятости молодежи из числа выпускников общеобразовательных организаций, оказание им содействия в профессиональном самоопределении, реализации индивидуального потенциала и ориентирования их на выбор профессий, пользующихся перспективным спросом на рынке труда, а также повышения информированности учащихся о военных профессиях (специальностях), патриотического воспитания молодежи.

В мероприятии приняли участие: заведующий по учебной части Тляратинской ОСШ Шахбанов К.К, учитель по психологии Ибрагимова А.М., инспектор по профессиональному обучению и профориентации Гусейнов Г.А, инспектор по начислению пособию безработице Абдуллаев А.М, инспектор по трудоустройству Гайдарова Н.Г и учащиеся школы.

В мероприятии приняли участие 28 школьников выпускных классов, были подготовлены и распространены профинформационные буклеты и памятки для учащихся выпускных классов «На пороге выбора профессии»,(«Выпускнику школы (советы по выбору профессии)»). Были проведены в выпускных классах профориентационные классные часы: «Твой выбор – защита Отечества» («Выбери военную профессию», «Мир военных профессий»)

– «Кто и зачем сегодня выбирает военную профессию» («Я - призывник», «Военные профессии»)

В местной районной газете и на официальном сайте были размещены объявления о проведении данного мероприятии.

Мероприятие открыл обращением к учащимся:

- инспектор по профессиональному обучению и профориентации «ЦЗН в МО «Тляратинский район» Г.А.Гусейнов, который информировал выпускников о состоянии на рынке труда, об услугах оказываемых Центром занятости населения, о сведениях и вакансиях и вакантных должностях в Республике Дагестан.

- учитель по психологии Тляратинской ОСШ Ибрагимова А.М отметила, что эта встреча с выпускниками школы, проводимая на столь высоком уровне, является свидетельством всевозрастающего внимания администрации района к нуждам и запросам молодежи района, выражением серьезной озабоченности ее будущим и настоящим:

- инспектор по трудоустройству Гайдарова Н.Г отметила, что на это мероприятие собрались те, кто находится в том возрасте, когда перед нами стоит важный и трудный выбор будущей профессии, которая определяет всю их дальнейшую жизнь. Наша задача – помочь вам определиться с этим выбором.

Участники мероприятия (ученики выпускных классов) задавали вопросы гостям мероприятия получали ответы и сами отвечали на их вопросы.

После этого инспектор по профессиональному обучению и профориентации Гусейнов Г.А подвел итоги недели военно-профориентационных мероприятий «Есть такая профессия- Родине служить!» и закрыл мероприятие.

Желающие получить квалифицированную помощь по профессиональному ориентации в целях выбора сферы деятельности и информации о положении на рынке труда могут обратиться по адресу: РД, Тляратинский район, сел.Тлярата, тел. 3-42-38, эл.поч. czn.tlyar@e-dag.ru

Приложение: фото и видеоматериал.

**Директор ГКУ РД «ЦЗН в МО «Тляратинский район»**
**А.Р.КУРБАНОВ**

**Исполнитель**
**Г.А.ГУСЕЙНОВ т.(8963-796-72-26)**

*Нилъер табигІат*



Хъвадрил мугІрул
Кавказалъул кІудияб бал

## ЛЪАЗАБИ

ЧІадаколоб гьоркьохъеб школалъ **Баркалаев Къебед Заурбековичасе** кьураб аттестат 05 АБ 0043640 билун буго. Гьеб аттестат хІакъикъияблъун рикІкІунаро.

* * *

ЦІумилухъ гьоркьохъеб школалъ **ГІалиев Расулулагь ГІабдулкаримовичасе** кьураб аттестат А 0027692 билун буго. Гьеб аттестат хІакъикъияблъун рикІкІунаро.

* * *

ЛъаратІа гьоркьохъеб школалъ **МухІамадов Ражаб ХІайбулаевичасе** кьураб аттестат А 158460 билун буго. Гьеб аттестат хІакъикъияблъун рикІкІунаро.

**С 01.02.2016 г.**
**Согласно статьей 4.2 Закона № 81-ФЗ от 19.05.1995 г.**

Производится индексация и установлены следующие размеры пособий:

**В ранние сроки бер.** - 581.73
**На рождение** - 15512.65
**по уходу до 1,5 лет:**
за 1 ребен. – 2908.62
за 2 ребен. – 5817.24
**На погребение - 5277, 28**
**МРОТ в 2016 году - 6204**

Рéдактор: **Расул Абакаров**
**Газета гІуцІарал:**
ЛъаратІа районалъул администрация ва редакциялъул хІалтІухъабазул коллектив.

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цІуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хІужаби ритІарал рукІиналъул жавабчилъи тІаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечІого рукІинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан Тляратинский район, с.Тлярата
**Тираж** 1100 **экз. Индекс: 51372.**

Газета отпечатана в типографии «Лотос» по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00 29.02.2016
Заказ ____________